




PRAN PREKOSYON

- **Di paran/gadyen ou (yo)** ki kote ou prale, se ki jan prale la, kiyès ki prale avè ou, epi ki lè w ap tounen.
- **Toujou jwenn pèmisyon** paran/gadyen ou (yo) anvan ou monte yon machin oubyen sòti ak yon moun, menm si ou konnen moun sa.
- **Toujou itilize “sistèm zanmi.”** Mache ak lòt moun lè ou ale yon kote oubyen le w ap jwe deyò.

PREVANSYON NASYONAL ABITI MOUN
MOUVEMAN
RIBAN BLE
poutimoun



- **Di “NON”** si yon moun manyen ou yon jan ki fè ou santi ou pè, malalèz oubyen boulvèse. Apre sa, di yon granmoun ke ou fè konfyans sak te fèt nan.



PRAN PREKOSYON

- **Fo ke ou konnen ke se pa fòt ou** si yon moun touché ou yon jan ki pa bon. Ou pa bezwen kenbe koze sa a sekre.
- **kwè nan santiman ou epi pale** ak granmoun yo osije pwoblèm ki two gwo pou ou rezoud poukont ou.
- **Li pa janm two ta pou chèche èd.** Ou ka kontinye chèche èd jiska ou resevwa ed ou bezwen an.
- **Apran** non komple ou, adrès ou, vil epi eta kote ou rete a, epi nimewo telefon ou ak tout area kod.
- **Apran** ki jan pou rele 9-1-1 nan ka ijans yo epi tou ki enfoamsyon pou bay operate a.
- **Apran** ki jan pou fè yon kout fil lokal, lon distans, kolèk, epi jan pou jwenn operatè a.
- **Apran** sa pou fè lè yon moun frape pòt la oubyen telefon an sonne.

PRAN PREKOSYON

- **Apran ki jan pou sòti nan kay la vit,** si genyen yon ijans, nan ka ta gueyen yon dife oubyen ninpot lot ijans
- **Kouri ale nan kote piblik ki pi** pre oubyen kay yon vwazen pou jwen sekou, si ou panse ke yon moun ap swiv ou.

KI SA PARAN KAPAB FÈ POU ANPECHE MOUN FÈ ABI SOU TIMOUN NAN ENTÈNÈT AK LÒT MEDYA ELEKTWONIK

- **Fè atansyon** ak moun ou pa konnen sou entènèt la.
- **Pa reponn** epi dekonèkte imediatman si nenpòt moun itilize langaj degoutan oubyen pale sou bagay ki fè ou santi ou malalèz.
- **Pa janm** bay onkenn moun vre non ou, adrès ou, oubyen nimewo telefòn ou sou entènèt la. Si yon moun mande enfomasyon sa yo, oubyen pou « password » ou, pa reponn. Dekonèkte epi pale de sa ak yon granmoun ke ou fè konfyans.
- **Pa janm** pran randevou pou rankontre onkenn moun ke ou konn pale sou entènèt la.
- **Apran** ki sa konsekans yo ye lè gen echanj imaj ki montre bagay seksyèl a klè sou selilè yo oswa sou lòt medya elektwonik.
- **Pa janm** ni voye ni kenbe imaj oswa foto ki montre bagay ki an rapò ak sèks sou telefòn, konpitè oswa lòt medya elektwonik.
- **Apran** konnen echanj imaj oswa foto ki montre bagay ki an rapò ak sèks a klè nan medya elektwonik se yon bagay ilegal.


RÈG SEKIRITE

- Pa pran bonbon nan men yon moun ou pa konnen.
- Pa monte nan machin avèk yon moun ou pa konnen.
- Pa kite onkenn moun touché kò ou yon jan ki fe ou mal, fe ou pè, oubyen boulvèse ou.
- Pa kinbe anyen sekre ant ou ak paran/gadyen ou (yo). Sekre yo kapab anpeche ou oubyen zanmi ou resevwa èd ki nesèsè a nan men yon granmoun.
- Toujou pale ak paran/gadyen ou (yo) menm si sije a kapab fè ou wont oubyen pè.
- Fè atansyon avèk moun ou a konnen yo sou entèn la epi pa janm ba yo randevou.

REG SEKIRITE AK ZANM SI OU WE YON ZANM;

- Pa touché li.
- Rale ko ou.
- Jwenn èd nan men yon granmoun.

The Melissa Institute
Pou Anpeche epi Trete Vyolans
www.melissainstitute.org



ED POU TIMOUN KI SOUFRI VYOLANS NAN FANMI YO

Si genyen vyolans lakay ou, li ka fè ou fache epi pè. Vyolans nan kay se toujou yon move bagay epi se pa janm fòt ou.

Vyolans Lakay Ou Ka Fè Ou Santi Ou Mal
Vyolans la kapab tonbe sou manman ou oubyen papa ou epi ou wè vyolans la le li fèt. Epi tou, vyolans la kapab tonbe sou ou. Sa rele abize ti moun. Li kapab fè ou chagren epi santi ou malalèz. Souvan ti moun konn panse ke vyolans kap fet nan fanmi yo se fòt pa yo. Sa pa verite a, men detanzatan ou kapab :

- Mete fòt la sou tèt ou.
- Santi ou pè, chagren, wont, boulvèse oubyen san jwa.
- Santi ou malad, gen doulè nan vant ou oubyen tèt fè mal.
- Sispann manje, manje twop oubyen pa santi ou vle manje.
- Pa dòmi byen oubyen fè move rêv oubyen pipi nan kabann.
- lekòl ka samble li difisil oubyen ou ka pèdi entere nan devwa lekòl oubyen zanmi ou yo.
- Gen pwoblem pou pale—ou kapab begeye.
- Enkyete ou pou sekirite paran ou yo.

Kalite Vyolans

Vyolans nan fanmi ka vle di plizyè bagay diferan – li pa sèlman bat moun. Genyen diferan kalite vyolans ki kapab fèt nan yon kay. Vyolans la kapab tonbe sou manman oubyen papa ou, ti moun yo, sèlman, oubyen ni ti moun yo ni paran yo.

Kèk kalite vyolans ki kapab afekte ou se:

- Vyolans Fizik – bat, souflete, bourade, pouse, mode, kout pye oubyen boule. Yon moun jete oubyen kraze bagay yo nan kay la. Wè ke paran oubyen frè oubyen sè ou yo te blese oubyen menase nan fason sa yo.
- Vyolans menase – di de pawol mechan epi di betiz, rele non ki degoutan, oubyen pale nan yon fason ki menase oubyen fè pè.
- Vyolans sèksyèl – touche pati entim avèk entan syon sèksyèl oubyen fose yon moun gen relasyon sèksyèl.

Si ou panse ke yon moun ap abize ou oubyen ou wè yon moun abize nenpòt moun nan fanmi ou, genyen bagay enpòtan ke ou ta dwe sonje:

- Yon moun kapab eseye fè ou santi ou wont oubyen koupab sou sak ap fèt lan . Ou pa responsab pou move bagay ke yo te fè. Se pa fòt ou epi se pa yon sekre espesyal.
- Pa kwe moun nan si li di ou yon move bagay ap pase ou si ou di yon lòt moun sa ki ap fèt ; genyen moun ki ka ede ou.
- Se pa yon bon bagay pou kenbe abi sa sekre ; ou ka di yon moun epi l ap ede ou oubyen manman pou nou pa an danje.
- Pa gen anyen ki si move ke ou pa ka pale sou li.
- Gen èd ki disponib.

Pale avèk yon moun de vyolans nan fanmi epi abi lakay ou. Ou ka rapòte vyolans nan fanmi lakay ou epi jwenn plizyè kalite èd:

- Di yon moun ou ka fè konfyans (petet yon vwayen, yon enstriktè, yon ofisyè lapolis, oubyen manman yon zanmi).
- Di yon granmoun ki ka ba ou sekirite epi ede abi nan lakay ou sispann.
- Pran san ou pou byen dy se ki jan ou menm oubyen manman ou te blese. Ou kapab santi li difisil oubyen li fè ou pè pou rakonte istwa a epi itilize mo ki eksplike li byen. Pa enkiète ou depi ou fe tout sa ou kapab pou esplike sitiyasyon an..
- Si moun k ap blese ou nan oubyen manman ou se yon manm fanmi a, ou kapab santi ou plis an sekirite pou pale ak yon moun deyò fanmi a – tèt ke enstriktè lekòl ou oubyen ofisyè lapolis.

Kote ou ka jwenn èd

- Ijans.....911
- Zanmi oubyen fanmi ou fè konfyans.
- Enstriktè lekòl ou, konsèy lekòl oubyen gran moun ou fè konfyans.

Bagay yo pou sonje

- Vyolans nan fanmi se pa janm fòt ou.
- Aprann ki jan pou jwen ak sekirite.
- Pataje pwoblem nan ak yon moun pou jwenn èd.

JWENN AK SEKIRITE ANBA LWIJANBOJE

- Pa fe zak vilans sou lòt moun ke ou wè k ap fè menm bagay la.
- Ede moun nan ki anba lwijanboje, si ou kapab, men pa mete tèt ou an danje. Si ou pa ede moun yo, sa vle di ke ou dako ak zak violans sa yo.
- Chèche yon enstriktè lekòl ou, yon paran, oubyen yon lòt granmoun ki responsab pou ede.
- Rapòte ensidan si ou we ke moun ki viktim nan pa vle denonse zak violans la.

**Rapòte Abi
Lin pou Abi nan Florid
1-800-96-ABUSE**

Nou remèsye:



Perla Tabares Hantman, Distrikt 4
Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County
Divizyon Sèvis pou Elèv
Sant akademik ak transfòmasyon
Martha Z. Harris, Direktè administratif
305-995-7338



Rosa Maria Plasencia, Prezidan
305 279-1155 • www.amigosforkids.org

*Enfòmasyon sa gratis gras a "National Clearinghouse on Child Abuse and Neglect Information and Child Welfare Information Gateway".